# Къемэт махуэм и шынагъуэхэр

[ Адыгэбзэ – Circassian – شركسي ]

Мухьэммэд аль-Тууейджри
Ибрахим и къуэ

Зэзыдзэк1ар ик1и бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Мухьэммэд Шэркэси

# أهوال يوم القيامة

محمد بن إبراهيم التويجري

ترجمة وتدقيق لغوي:
أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:
أبو محمد الشركسي

# Къемэт махуэм и шынагъуэхэр

- Къемэт махуэм и 1уэхур 1уэхушхуэщ, и шынагъуэхэр хуабжьу 1ейщ, ц1ыхухэр шынэмрэ гужьеигъуэмрэ еубыдхэр, залымыгъэ зезыхьахэм я нэхэр маплъэр, Алыхьым ищ1ащ ар му1минхэм щхьэк1э шэджагъуэмрэ ичындымрэ яку дэлъ уахътэм хуэдизу, ауэ джаурхэм илъэс мин тхущ1ым хуэдиз яхуищ1ащ. Абы и шынагъуэхэм щыщ:

1 – Алыхьым жи1ащ: ***«Бжьамийм зэ епщэгъуэ епщэу, щ1ыри къуршхэри къи1эту занщ1эу щызэхигъэлъалъэм, а махуэм къэхъуну иухар къэхъуауэ аращ. Уафэри зэгуэчынурэ а махуэм махэ хъунущ».*** (Аль-Хьакъэ: 13-16).

2 – Ит1анэ Алыхьым жи1ащ: ***«Дыгъэр щызэрыпщхьэжк1э, вагъуэхэри щыунк1ыф1ыжк1э, къуршхэри я щ1ып1эм щик1ыжк1э, махъшэ лъхуэщ1ахэми щыщанэжк1э, хьэк1экхъуэк1эхэр гужьеяуэ къыщынэк1э, хыхэр маф1эу къыщызэщ1энэк1э».*** (Ат-Тэкуир: 1-6).

3 – Алыхьым иджыри жи1ащ: ***«Уафэр щызэгуэчк1э, вагъуэхэр къыщелъэлъэхыжк1э, хыхэр къыщиук1э, кхъэхэми зыкъыщызэ1уахыжк1э».*** (Аль-Инфит1ар: 1-4).

4 – Алыхьым жи1ащ: ***«Уафэр къыщычэк1э, и Тхьэм и унафэм щ1эту зэрыщытын хуейм хуэдэу, щ1ым зыщиубгъук1э, к1уэц1ылъыр зэуэ къызк1уэц1игъэк1ыу нэщ1 щыхъук1э, и Тхьэм и унафэм щ1эту зэрыщытын хуейм хуэдэу».*** (Аль-Иншикъакъ: 1-5).

5 – Ит1ани Алыхьым жи1ащ: ***«Дунейкъутэжыр къыщыск1э, ар къызэрыхъуным пц1ы хэмылъу, игъэпуду ик1и игъэлъап1эу. Щ1ыр зджызджу щыуфафэк1э, къуршхэр къутэу щызэхэлъалъэк1э, ит1анэ сабэ щыхъужк1э».*** (Аль-Уакъигьэ: 1-6).

6 – Ибн Умэр, Алыхьыр арэзы т1уми яхуэхъу, жи1ащ: *«Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ мыпхуэдэу: «Къемэт махуэр нахуэу и пащхьэ илъым хуэдэу зылъагъуну хуейр ireджэр «Дыгъэр щызэрыпщхьэжк1э», «Уафэр щызэгуэчк1э», «Уафэр къыщычэк1э».* Ахьмэдрэ Ат-Тирмизирэ къа1уэтэжащ[1].

[1] Сэхьихь, Ахьмэд (4806), Ат-Тирмизи (3333).

**Щ1ымрэ уафэмрэ зызэрахъуэжынур Къемэт махуэм:**

1 - Алыхьым жи1ащ: «***Щ1ыр нэгъуэщ1 щ1ык1э, уафэхэри щызэрихъуэк1 махуэм псори Алыхь Закъуэу Лъэщым и пащхьэ иувэжынущ».*** (Ибрахим: 48).

2 – Ит1ани Алыхьым жи1ащ: ***«А махуэм тхылъымп1э тхар зэраупл1энщ1ым хуэдэу уафэр дупл1энщ1ынущ. Япэм къызэрыдгъэщ1ам хуэдэу къэдгъэщ1ыжынущ. Абык1э къэдгъэзгугъащ, ик1и дгъэзэщ1эжынущ».*** (Аль-1энбия1: 104).

**Ц1ыхухэр здэщы1энур щ1ымрэ уафэхэмрэ зыщызэрахъуэк1ым:**

Сэубан, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, и мэулэ[2] жи1ащ: *«Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, и дежым сыщ1эту журтхэм я щ1эныгъэл1хэм щыщ къыщ1ыхьащ…» - абым хэту жи1ащ: «Журтым жи1ащ: «Дэнэ ц1ыхухэр здэк1уэнур щ1ымрэ уафэхэмрэ зыщахъуэжым?» Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ: «Ахэр к1ыф1ым хэтынущ лъэмыжым и пэм».* Нэгъуэщ1у къызэра1уэтэжым же1эр: *«Лъэмыжым тетынухэщ».* Муслим къи1уэтэжащ[3].

**А щ1ып1эм хуабащэу зэрыщытынумрэ и шынагъуэмрэ:**

Алыхьым къигъэщ1ахэр къигъэхъужа иужьк1э зы щ1ып1эм зэхуишэсынущ. Абдежым лъапц1эхэу, пц1анэхэу, суннэт мыщ1ауэ я унэфэр ищ1энущ. Дыгъэр а махуэм гъунэгъу хъунущ, пщ1ант1эпсри 1эфрак1э блыщ1ым и куэагъ хъууэ къахынущи ц1ыхухэр щ1ихъумэнущ ялэжьа 1уэхухэмк1э зэрахуэфащэу.

1 – Микъдад бин Аль-1эсуэд, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: *«Зэхэсхащ Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1эу: «Дыгъэр ц1ыхухэм япэгъунэгъу хъунущ милэк1э. Ц1ыхухэри ялэжьахэмк1э зэрахуэфащэу пщ1ант1эпсым хэтынущ. Ахэм яхэтщ пщ1ант1эпсыр зи лъапщхьэм къэсар, яхэтщ зи*

[2] Пщыл1у щытауэ яут1ыпщыжаращ мэулэк1э зэджэр.
[3] Муслим (315), Гьа1ишэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, къи1уэтэжар (2791).

*лъэгуажьэм къэсар, яхэтщ зи бгым къэсар, яхэтщ пщ1ант1эпсым шхуэ1у зытрилъхьам хуэдэхэри». Жи1ащ: «Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын и жьэм и 1эмк1э тригъэлъэгъуащ».* Муслим къи1уэтэжащ[4].

2 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: *«Алыхьым щ1ыр зэщ1иубыдэнущи Къемэт махуэм, уафэр зэк1уэц1ишыхьэжынущ и ижьымк1э, ит1анэ жи1энущ: «Сэращ Унэфэщ1ыр, дэнэ щы1э щ1ым и унэфэщ1хэр?»* Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[5].

## Алыхьым жьауэм щ1ихъумэнухэр а щытып1эм:

1 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: *«Блыр Алыхьым и жьауэмк1э щ1ихъумэнухэщ Езым и жауэм ф1эк1а жьауэ щыщымы1эну махуэм: имам захуэр, щ1эл1ащ1э и Тхьэм хуэпщыл1у къэхъуар, зи гур мэжджытым пыщ1а л1ыр, Алыхьым и ц1эк1э ф1ыуэ зэрылъэгъуа л1ит1ыр, Алыхьым и ц1эк1э зэхуэзэхэу ик1и зэбгъэдэк1ыжхэу, фыз дахэ ц1эры1уэм зыришэл1эну пылъа л1ы жызы1ар: «Сэ Алыхьым сыщошынэ», сэдэкъэ щэхуу зыта л1ыр и 1э сэмэгум имыщ1эу дапщэ ижьым итами, изакъуэу щысу Алыхьыр зигу къэзгъэк1ыжу зи нэпс къыщ1эк1а л1ыр».* Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[6].

2 – Гьукъбэ бин Гьамир, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1ащ: *«Зэхэсхащ Алыхьым и л1ык1уэм, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1эу: «Ц1ыху къэс сэдэкъэуэ итам и жьауэм щ1этынущ ц1ыхум я унафэр ящ1эху».* Ахьмэдрэ Ибн Хъузеймэрэ къа1уэтэжащ[7].

## Унафэр ищ1ыну Алыхьыр къызэрык1уэнур:

Алыхь Лъап1эу Лъагэр Къемэт махуэм къэк1уэнущ унафэр ищ1ыну, ик1и абы и нурым щ1ыр къигъэунэхунущ, къигъэщ1ахэр игъэудэрэщхъуам хуэдэу хъунухэщ и Инагъым, и Лъап1агъым.

---

[4] Муслим (2864).
[5] Аль-Бухъари (7382), Муслим (2787).
[6] Аль-Бухъари (660), Муслим (1031).
[7] Сэхьихь, Ахьмэд (17333), Ибн Хъузеймэ (2431).

1 – Алыхь Лъап1эм жи1ащ: ***«Хьэуэ, щ1ыр щыкъуейуэ щылъэлъэжк1э, уи Тхьэмрэ мэлэ1ыч зэбгъурытхэмрэ къыщык1уэк1э».*** (Аль-Фэджр: 21-22).

2 – Абу Хурейрэ, Алыхьыр арэзы зыхуэхъун, жи1эжащ, бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ауэ: ***«Мусэ и пэ сивмыгъэщ, сыту жып1эмэ, ц1ыхухэр Къемэт махуэм удэрэщхъуэнущи сэри ахэм сахэтынущ, япэрейуэ зыкъэсщ1эжынущи Мусэ Гьэршым и джабэм и 1эр телъу къэслъэгъунущ, ик1и сщ1экъым, ар удэрэщхъуахэм яхэту си япэ зыкъищ1эжа, е Алыхьым хиубыдык1ахэм ящыщ».*** Шейхъит1ым къа1уэтэжащ[8].

[8] Аль-Бухъари (2411), Муслим (2373).

IslamHouse.com